# Хожели районында жаңадан асфальт төселди

«Абат аўыл» ҳәм «Абат мәкан» мәмлекетлик бағдарламаранының орынланыўы бойынша Хожели районында да жумыслар қызғын түрде алып барылымақта. Райондағы ишки хожалық жолларына кириўши аўыл ҳәм мәкан пуқаралар жыйынлары аймақларындағы автомобиль жоллары бүгин жаңа көриниске ийе болып атыр.

Image not found or type unknown

Бағдарламаға киргизилген жоллар оңланып, тегисленип, тийисли эксплуатация жумыслары толайым орынланып атырған болса, асфальт төсеў ушын таярланған көшелерде грунт жумыслары, щебен төсеў процеслери керекли материал жеткерип берилиўи менен жедел пәтте жүргизилмекте.

Image not found or type unknown

Район орайындағы Наўрыз мәкан пуқаралар жыйыны аймағындағы Мақтумқулы

ҳәм Қыят көшелерине Хожели районы жоллардан пайдаланыў унитар кәрханасы тәрепинен асфальт төселди. Быйылғы жылда усы АПЖ аймағындағы 27 көшеде оңлаў жумыслары алып барылыўы режелестирилген.